

Politik Èd Finansye Florid

ANÈKS A

Baz pou Kalkile Montan yo Chaje Pasyan

CC Florida itilize “metòd retwospeksyon pou detèmine “montan yo faktire anjeneral” (Amounts Generally Billed, AGB) pou moun ki gen asirans ki kouvri Swen Dijans oswa lòt Swen ki gen Nesesite Medikal. Pousantaj AGB ki aplikab nan dat 1/1/2019 nan chak nan etablisman nou yo se 17.2%, sa ki koresponn ak yon rabè 82.8% ki aplike sou frè brit yo.

Yo te kalkile pousantaj la avèk itilizasyon tout reklamasyon ke ni konpayi prive (ankontan Medicare Advantage), ni Medicare (Tradisyonèl) otorize, pou sèvis pasyan entèn ak sèvis pasyan ekstèn ki gen dat egzeyat soti 1ye oktòb 2017 pou rive 30 septanm 2018. Yo te divize total peman yo atann pou reklamasyon ki otorize yo pa total frè yo chaje pou reklamasyon sa yo.

Pou kalkile AGB, yo te sèvi avèk metòd peman prive sa a plis Medicare pou chak nan etablisman lopital nan Florid yo. Nou te chwazi pou aplike tarif ki pi favorab la pou pasyan yo pou tout etablisman nou yo an 2019.